


Fason pou peye bòdwo w yo

Lè w deplase ale nan yon lòt kote nouvo, li pa pran anpil tan pou bòdwo yo kòmanse rive.

Chak mwa ou peye bòdwo yo tankou lwaye, sèvis piblik, ak lòt peman. Epitou ou kapab gen bòdwo ke ou jwenn yon sèl fwa, tankou yon depo sekirite lè ou lwe yon apatman. Nan anpil ka yo, ou pral gen youn oswa plizyè opsyon ke w kapab chwazi pou fè peman sa yo. Lis anba a ede w aprann kalite opsyon peman bòdwo diferan yo ak lòt avantaj ak dezavantaj potansyèl. Lè w konnen jan travay sa a kapab ede w evite kèk frè, ki gen ladan frè yo ki rive poutèt peman anreta oswa echwe pou fè peman.



Chèk

| Definisyon | Avantaj | Risk |
|---|---|--|
| <p>Chèk se fòm ou ranpli pou peye yon bagay ki soti nan kont labank.</p> <p>Ou ekri kantite lajan an ak non moun lan oswa konpayi a pou ki ou vle ekri chèk la. Kantite lajan an ki soti nan kont labank ou lè moun an oswa konpayi a ki resevwa chèk la depoze li oswa chanje li pou lajan kach. Epitou ou kapab jwenn yon kont parèy ki soti nan yon sendika kredi.</p> | <ul style="list-style-type: none">Li pratik lè w fin aplike pou ak yo etabli kont la nan yon bank oswa sendika kredi.Yo kapab voye li pa lapòs.Li fasil pou pwouve ke peman an te fèt si gen yon dispit.Yo kenbe fon yo nan kont labank la jiskaske w ekri chèk la epi yo depoze li.Kontrèman avè lajan kach, si yo pèdi oswa vòlè yon chèk oswa si yon moun ekri siyati w san otorizasyon ou, ou gen pwoteksyon pou lajan an ki nan kont ou. Men, li kapab difisil pou anile yon chèk si moun lan ki te resevwa li depoze li byen vit. | <ul style="list-style-type: none">Si w peye bòdwo ou avèk chèk san ou pa gen ase lajan nan kont ou, bank la oswa konpayi a kote ou te voye chèk la gen dwa chakje ou frè.Ou dwe sonje peye yon bòdwo lè w sèvi avèk yon chèk chak fwa yo dwe (li pa otomatize).Depans la pou voye peman an pa lapòs. |

Debi otomatik oswa dirèk

| Definisyon | Avantaj | Risk |
|---|--|---|
| <p>Ou bay komèsan an oswa founisè sèvis la (tankou founisè sèvis telefòn selilè ou oswa konpayi sèvis piblik) enfòmasyon kont labank ou epi yo retire fon yo nan kont ou chak fwa (tankou chak mwa) lè se lè pou peye bòdwo a</p> | <ul style="list-style-type: none">▪ Pratik, ekonomize tan epi gratis.▪ Ou kapab gen pou peye yon to entere pou prè yo si w fè peman debi otomatik.▪ Sa a fè li pi fasil pou peye bòdwo w ki frekan ak konsistan.▪ Redwi chans ou pral peye anreta—lè yo fin etabli peman w, li otomatik.▪ Ou gen dwa sispann peman otomatik yo.▪ Li pi fasil pou ou montre prèv peman si yon dispit vin rive.▪ Si kantite lajan bòdwo a chanje chak mwa ou gen dwa resevwa yon avi anvan yo fè transfè a pou peye bòdwo a. | <ul style="list-style-type: none">▪ Si w sèvi avèk debi otomatik pou peye bòdwo epi ou pa gen ase lajan nan kont ou, bank la oswa konpayi a ou ap peye pral chaje w frè. <p>Avèti: Lè y ap pran lajan nan kont ou otomatikman, ou kapab aksidantèlman depanse plis lajan ke w genyen. Si w pa gen ase lajan nan kont ou pou peye pou peman otomatik la oswa lòt chanjman yo ou te fè, ou gen dwa peye frè chè yo. Pou sispann retrè otomatik yo, kontakte komèsan an ak bank ou.</p> |

Peman bòdwo nan sit wèb

| Definisyon | Avantaj | Risk |
|---|--|--|
| <p>Ou bay bank ou enfòmasyon komèsan oswa founisè sèvis la, epi bank ou fè peman an selon kantite lajan ak orè w te etabli.</p> | <ul style="list-style-type: none">▪ Li pratik epi li ekonomize tan.▪ Sa fè li pi fasil pou peye bòdwo w ki frekan ak konsistan.▪ Ou kapab chwazi ant fè yon sèl peman pandan chak peryòd faktirasyon oswa etabli peman renouvlab (otomatik) yo lè ou sèvi avèk sèvis sit wèb labank w oswa sendika kredi ou.▪ Redwi chans ou pral peye anreta—lè yo fin etabli peman w, se otomatik.▪ Li pi fasil pou ou montre prèv peman si yon dispit vin rive.▪ Li pi fasil pou sispann peman envolontè oswa inègza yo. | <ul style="list-style-type: none">▪ Li pran tan pou etabli ak aprann.▪ Si ou peye bòdwo nan sit wèb san ase lajan nan kont ou, bank la oswa founisè sèvis la gen dwa chaje ou frè.▪ Si w etabli peman renouvlab yo epi kantite lajan an chanje, ou kapab peye kantite lajan an ki nan ere. Si w peye mwens pase kantite lajan bòdwo total la, ou gen kapab peye frè. |

Lajan chèk

| Definisyon | Avantaj | Risk |
|---|---|---|
| <p>Ou kapab sèvi avèk yon lajan chèk olye de yon chèk. Ou kapab sèvi avèk yon lajan chèk pou peye yon biznis oswa yon lòt pati.</p> | <ul style="list-style-type: none">▪ Li fasil pou konprann.▪ Yo kapab voye li pa lapòs.▪ Enfòmasyon pèsonèl labank ou pa parèt nan lajan chèk a. | <ul style="list-style-type: none">▪ Pètèt li pa pratik pou w achte yon lajan chèk.▪ Depans pou achte yon moniodè ak pou voye peman an pa lapòs.▪ Pètèt li kapab difisil pou montre prèv peman an amwenske ou gen resi yon lajan chèk ak resi yon peman.▪ Li disifisil oswa enposib pou jwenn yo si yo pèdi oswa yon moun vòlè yo.▪ Ou dwe sonje pou peye bòdwo a chak fwa li dwe (li pa otomatize). |

Kat kredi

| Definisyon | Avantaj | Risk |
|--|--|--|
| <p>Yon kat kredi pèmèt ou prete lajan jiska yon limit kredi ki apwouve. Ou pral peye entere si w oujou dwe lajan nan kat la, epi yo pral chaje ou lòt frè yo baze sou tèm yo nan kontra a. Ou kapab atann pou fè yon peman minimòm chak mwa epi pètèt ou ta vle peye plis pase minimòm la ki dwe pou ou fin peye tout sa ki dwe nan kat la pi vit.</p> | <ul style="list-style-type: none">▪ Sèvi avèk yon kat kredi pou peye bòdwo nan telefòn lan oswa nan sit wèb.▪ Li fasil pou montre prèv peman si yon dispit vin rive.▪ Li pwoteje w kont peye pou kèk oswa tout chaj yo si yo vòlè kat ou oswa enfòmasyon ou epi w rapòte vòl la.▪ Ou kapab etabli yo pou peye bòdwo renouvlab yo otomatikman.▪ Sa a kapab ede etabli istwa kredi w si ou fè peman alè ak pa rive prè limit kredi ou. | <ul style="list-style-type: none">▪ Sa a koute plis pase peye pou yon acha avèk lajan kach oswa yon chèk si w pa kapab peye kantite lajan an ki dwe nan kat kredi ou chak mwa. Si ou toujou gen yon kantite lajan an ki dwe, ou dwe peye entere sou kantite lajan an ki dwe.▪ Sa a kreye yon lòt bòdwo ou dwe peye.▪ Sa a kreye dèt– w ap prete lajan pou peye pou bòdwo ak lòt atik yo. |

Lajan Kach

| Definisyon | Avantaj | Risk |
|-------------------------------------|---|---|
| Lajan kach se lajan w gen sou lamèn | <ul style="list-style-type: none">▪ Souvan pa gen okenn frè ki asosye lè ou peye avèk lajan kach dirèkteman ba konpayi a si w ap peye kantite lajan total la ki dwe. Lè w achte oswa sèvi avèk yon pwodwi espesyal tankou yon moniodè oswa kat ki peye alavans sa yo gen dwa koute lajan.▪ Lè ou sèvi avèk lajan kach, ou pap kreye dèt.▪ Pa gen okenn risk ke w pral depase limit kantite lajan an ou gen nan kont ou. | <ul style="list-style-type: none">▪ Ou pa kapab peye tout bòdwo yo avèk lajan kach.▪ Sa a kapab enkonvenyan ak koute w anpil lajan pou ale nan konpayi a anpèsonn pou peye bòdwo a.▪ Sa a kapab fè li difisil pou montre eprèv sou peman amwenske ou gen yon resi.▪ Li difisil oswa enposib pou jwenn lajan kach si w pèdi li, si yon moun vòlè li oswa si yo detwi li.▪ Ou dwe sonje pou peye bòdwo a chak fwa li dwe (li pa otomatize). |

Ti Konsèy

1. Fè yon lis bòdwo yo ak dat limit yo, epi ekri yon nan yon kalandriye konsa ou kapab wè fasilman kilè yo dwe.
2. Gen kèk kreditè ki pèmèt ou chwazi dat nan mwa a lè w dwe peye bòdwo a.
3. Nan nenpòt ki fason ou chwazi peye bòdwo ou yo, kontwole jan lajan w rantre ak soti nan kont ou. Sa a pral ede w evite frè yo.

Kontakte nou



Sit wèb

consumerfinance.gov/askcfpb



Nan telefòn

Gratis: (855) 411-CFPB (2372)

TTY/TDD: (855) 729-CFPB (2372)



Pa Lapòs

Consumer Financial Protection Bureau

P.O. Box 2900

Clinton, Iowa 52733-2900



Prezante yon plent

consumerfinance.gov/complaint